

#### **Respekte lalwa:**

- Nou pral pataje enfòmasyon sou ou si lwa leta oswa federal egzije sa, ansanm ak Depatman Sante ak Sèvis Imen si li swete asire ke nou respekte lwa sou enfòmasyon prive federal la.

#### **Reponn a demann pou don ògàn ak tisi epi travay avèk yon medsen lejis oswa yon direktè ppon finèb:**

- Nou kapab pataje enfòmasyon sou sante w ak òganism pou prelèvman ògàn yo.
- Nou ka pataje enfòmasyon sou sante ak yon medsen lejis, yon egzaminatè medikal, oswa yon direktè ppon finèb lè yon moun mouri.

#### **Reponn demann endemnizasyon travayè yo, aplikasyon lalwa ak lòt demann gouvènman:**

- Nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante ou:
  - Pou reklamasyon endemnizasyon travayè yo
  - Pou rezon ki fè respekte lalwa oswa avèk yon responsab aplikasyon lalwa ak ajans siveyans sante pou aktivite lalwa otorize.
  - Pou fonksyon gouvènman espesyal tankou militè, sekirite nasional, ak sèvis pwoteksyon prezidansyèl yo

#### **Reponn a pwochè ak aksyon legal:**

- Nou ka pataje enfòmasyon sou sante w an repons a yon tribunal oswa yon lòd administratif, oswa kôm repons a yon manda

## **Responsablite Nou**

- Lalwa egzije nou pou nou kenbe konfidansyalite ak sekirite enfòmasyon sante ou pwoteje yo.
- N ap fè w konnen san pèdi tan si gen yon vyolasyon ki ka konpwomèt vi prive oswa sekirite enfòmasyon w yo.
- Nou dwe swiv devwa yo ak pratik konfidansyalite ki dekri nan avi sa a epi ba ou yon kopli.
- Nou p ap itilize oswa pataje enfòmasyon ou yo lòt pase jan sa dekri isit la sof si ou bay otorizasyon pa alekri. Si ou di ke nou kapab, ou ka chanje lide nenpòt ki lè. Fè nou konnen alekri si ou chanje lide.

Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite: [www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/noticepp.html](http://www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/noticepp.html).

#### **Chanjman nan Kondisyon Avi sa a:**

Nou ka chanje kondisyon yo nan avi sa a, epi chanjman yo ap aplike a tout enfòmasyon nou genyen sou ou. Nouvo avi a ap disponib sou demann, sou sit entènèt nou an, epi n ap voye yon kopli ba ou pa lapòs.

An Vigè: 1ye Me 2025.

#### **Avi sou Pratik Konfidansyalite sa a aplike pou bagay sa yo:**

Sistèm Sante Daviess Community Hospital

#### **Responsab Konfidansyalite:**

Daviess Community Hospital Responsab Konfidansyalite HIPAA  
 Christina Kielty  
 (812) 254-8865 oswa 800-340-5877  
 CKielty@dchosp.org

# **AVI SOU PRATIK KONFIDANSYALITE**

An Vigè: 05/01/2025



## **ENFÒMASYON OU. DWA OU YO. RESPONSABLITE NOU YO.**

Avi sa a dekri koman enfòmasyon medikal ki konsène ou yo kapab itilize epi divilge ak kijan ou ka jwenn aksè a enfòmasyon sa a. **Tanpri revize li ak anpil atansyon.**

 **Daviess Community Hospital**  
*An Affiliate of Ascension St. Vincent*

**1314 East Walnut, Washington, IN 47501**

[dchosp.org/privacy-policy/](http://dchosp.org/privacy-policy/)

**Responsab Konfidansyalite, Christina Kielty**

**(812) 254-8865 • 800-340-5877**

## Dwa Ou

**Lòske sa konsène enfòmasyon sou sante ou, ou gen sèten dwa.** Seksyon sa a eksplike dwa w ak kèk nan responsabilite pou nou ede w.

### Jwenn yon kopi dosye medikal ak reklamasyon ou yo:

- Ou ka mande pou wè oswa jwenn yon kopi dosye medikal ou ak dosye reklamasyon ou yo ansanm ak lòt enfòmasyon sante nou genyen sou ou. Mande nou koman pou fè sa.
- N ap ba ou yon kopi oswa yon rezime dosye medikal ou ak dosye reklamasyon ou yo, anjeneral nan lespas 30 jou apre demann ou an. Nou ka faktire yon frè rezonab, ki baze sou pri.

### Mande nou pou nou korije dosye medikal ak dosye reklamasyon yo:

- Ou ka mande nou pou nou korije dosye medikal ou ak dosye reklamasyon ou yo si ou panse yo pa kòrèk oswa pa konplè. Mande nou koman pou fè sa.
- Nou ka di "non" a demann ou an, men n ap di w poukisa alekri nan 60 jou apre nou fin resevwa demann alekri ou an.

### Demann komunikasyon konfidansyèl:

- Ou ka mande nou pou kontakte ou nan yon fason espesifik (pa egzanp, telefòn lakay ou oswa biwo) oswa voye pa lapolis nan yon diferan adrès.
- N ap konsidere tout demann rezonab, epi nou dwe di "wi" si ou di nou ou t ap an danje si nou pa fè sa.

### Mande nou limite sa nou itilize oswa pataje:

- Ou ka mande nou pou nou **pa** itilize oswa pataje sèten enfòmasyon sou sante pou tretman, peman, oswa operasyon nou yo.
- Nou pa oblige dakò ak demann ou an, epi nou ka di "non" si sa riske afekte swen ou.

### Jwenn yon lis moun nou te pataje enfòmasyon yo:

- Ou ka mande yon lis (kontabilite) défwa kote nou te pataje enfòmasyon sante ou pandan sis ane anvan dat demann ou a, ak ki moun nou pataje li ak poukisa.
- Nou pral enkli tout divilgasyon yo eksepte sa ki konsènan tretman, peman, ak fonksyonman swen sante, ak kèk lòt divilgasyon (tankou nenpòt divilgasyon ou mande nou fè). Nou pral ba ou yon evalyasyon kontab chak ane gratis, men n ap chaje yon frè rezonab, ki kalkile sou kou yo si w mande yon lòt evalyasyon nan 12 mwa aprè yo.

### Jwen yon dokiman de avi konfidansyalite sa:

- Ou ka mande yon kopi dokiman avi sa a nenpòt ki lè, menm si ou te dakò resevwa avi pa vwa elektwonik. Nou pral ba w yon kopi dokiman an san pèdi tan.

### Chwazi yon moun ki pou aji nan non w:

- Si ou te bay yon moun prewokipasyon medikal oswa si yon moun se responsab legal ou, moun sa a ka egzèse dwa w epi fè chwa konsènan enfòmasyon sou sante w.
- Nou pral asire w ke moun nan gen otorite sa a epi li ka aji nan non ou anvan nou pran nenpòt mezi.

### Depoze yon plent si w santi dwa w yo te vyole:

- Ou ka pote plent si ou santi nou vyole dwa ou yo lè w kontakte nou avèk enfòmasyon ki sou kouvèti bwochi sa a.
- Ou ka depoze yon plent nan Biwo Dwa Sivil Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini an lè w voye yon lèt nan 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201, lè w rele 1-877-696-6775, oubyen lè w vizite [www.hhs.gov/ocr/complaints](http://www.hhs.gov/ocr/complaints).
- Nou p ap pran revanj kont ou paske w depoze yon plent.

## Chwa Ou Yo

**Pou sèten enfòmasyon sou sante, ou ka di nou chwa w yo sou sa nou pataje.** Si ou gen yon preferans klè pou fason nou pataje enfòmasyon ou yo nan sitiayson ki dekri anba a, pale avèk nou. Di nou sa ou vle nou fè, epi nou pral swiv enstriksyon ou yo.

### Nan ka sa yo, ou gen dwa ak chwa pou di nou:

- Pataje enfòmasyon ak fanmi w, zanmi pwòch ou oswa lòt moun ki enplike nan peye pou swen w
- Pataje enfòmasyon nan ka yon katastwòf
- Kontakte ou pou aksyon kolèk fon

*Si ou pa kapab di nou preferans ou, pa egzanp si ou enkonsyan, nou kapab kontinye pataje enfòmasyon ou yo si nou panse li nan pi bon enterè ou. Nou ka pataje enfòmasyon w tou si sa nesesè pou diminye yon menas grav ak iminan pou sante oswa sekirite.*

### Nan ka sa yo nou p ap janm pataje enfòmasyon ou sof si ou ba nou otorizasyon alekri:

- Objektif maketin.
- Vann enfòmasyon ou.

## Itilizasyon ak Divilgasyon Nou yo

**Ki jan nou itilize oswa pataje enfòmasyon sante ou anjeneral?** Anjeneral nou itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante w nan fason sa yo.

### Ede jere tretman swen sante ou resevwa a:

- Nou ka itilize enfòmasyon sante w epi pataje yo ak lòt pwofesyonèl k ap trete w la.
- Egzanp:** Yon doktè voye ba nou enfòmasyon sou dyagnostik ou a ak plan tretman ou an pou nou ka ôganize nou pou lòt sèvis yo.

### Jere òganizasyon nou:

- Nou ka itilize epi divilge enfòmasyon ou yo pou nou jere òganizasyon nou an epi kontakte ou lè sa nesesè.
- Nou pa gen dwa itilize enfòmasyon jetenik pou deside si n ap ba ou pwoteksyon epi pri pwoteksyon sa a. Sa pa aplike pou plan swen alontèm.
- Egzanp:** WNou itilize enfòmasyon sou sante ou pou devlope pi bon sèvis pou ou.

### Peye pou sèvis sante ou yo:

- Nou ka itilize epi divilge enfòmasyon sou sante ou pandan n ap peye pou sèvis sante ou yo.
- Egzanp:** N ap transmèt enfòmasyon ki konsène rejim aspirans sante ou nan mwayen pou l pran chaj pèman sèvis ou yo.

### Jere plan ou an:

- Nou ka divilge enfòmasyon sante ou bay moun ki responsab plan sante ou a pou administrasyon plan an.
- Egzanp:** Konpayi ou an gen yon kontra avèk nou pou ba ou yon plan sante, epi nou bay konpayi ou a sèten done pou eksplike prim nou chaje yo.

**Ki lòt fason nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon sante w yo?** Nou dwe otorize oswa pataje enfòmasyon ou yo nan lòt fason – jeneralman nan yon yon bi enterè publik la, tankou sante publik ak rechèch. Nou dwe ranpli anpil kondisyon nan lalwa anvan nou ka pataje enfòmasyon ou pou rezon sa yo. Pou plis enfòmasyon, gade: [www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/index.html](http://www.hhs.gov/ocr/privacy/hipaa/understanding/consumers/index.html).

### Ede ak pwoblèm sante ak sekirite publik:

- Nou ka pataje enfòmasyon sou sante w pou sèten sitiayson tankou:
  - Prevansyon maladi
  - Ede ak rapèl pwodwi yo
  - Siyale reyaksyon negatif nan medikaman yo
  - Siyale abi, neglijans, oswa yolans domestik sisplèk
  - Anpeche oswa diminye yon menas grav pou sante oswa sekirite nenpòt moun

### Fè Rechèch:

- Nou ka itilize oswa pataje enfòmasyon ou yo pou rechèch sou sante.